

## BAB V KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan nulis biografi ngagunakeun Téhnik wawancara siswa kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung bisa dicindekkeun saperti di handap.

- 1) TW bisa ningkatkeun hasil diajar nulis biografi. Ieu hal bisa katitén dina ningkatna hasil diajar siswa. Hasil diajar siswa ningkat ti mimiti tés awal, tés siklus I nepi ka tés siklus II. Hasil diajar nulis biografi dina tés awal nya éta 3 urang atawa 9,1% siswa nu tuntas sedengkeun nu can tuntas nya éta 30 urang atawa 90,9%. Dina tés siklus I nya éta 22 urang atawa 66,6% siswa nu tuntas, sedengkeun nu can tuntas nya éta 11 atawa 33,4%. Hasil diajar siswa dina tés siklus II nya éta 33 urang atawa 100% tuntas. Hasil rata-rata peunteun dina pra panalungtikan, siklus I, jeung siklus II katitén ningkat. Hasil dina pra-panalungtikan nuduhkeun yén rata-rata peunteun siswa dina nulis biografi nya éta 57,06, sedengkeun peunteun siswa dina siklus I ngalaman peningkatan jadi 66,87, kitu deui dina siklus II, hasil ahir siswa dina nulis biografi nya éta 70,93.
- 2) Dumasar hasil ngitung N Gain, peningkatan pamahaman siswa dina siklus I nya éta 0,23. Kategori peningkatan pamahaman siswa dina siklus I ieu kaasup kategori handap, dimana  $(G) < 0,30$ . Sedengkeun peningkatan pamahaman siswa dina siklus II nya éta 0,33. Peningkatan pamahaman siswa dina siklus II kaasup kategori sedeng, dimana  $0,70 > (G) > 0,30$ .

- 3) Suasana diajar nulis biografi maké TW, teu leupas tina bangbaluh nu karandapan salila kagiatan pangajaran lumangsung. Hal ieu disababkeun ku kurangna pengondisian siswa nalika kagiatn pangajaran lumangsung. Bangbaluh nu karandapan dina suasana pangajaran siklus I nya éta siswa loba nu ngarobrol nalika prosés ngawawancara babaturanana lumangsung. Siswa ngamangpaatkeun kasempetan ieu sabab dina kagiatan wawancara aya kagiatan interaksi antara siswa.

## 5.2 Rékomendasi

- 1) TW bisa jadi salasahiji alternatif pikeun pangajaran nulis biografi
- 2) Sangkan siswa teu bosen dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran maké TW, alusna mah dina kagiatan wawancara, suasana di kelas diciptakeun siga enya-nya siswa ngawawancara jalma anu penting. Contona wae, siswa bisa ngagunakeun alat rékam pikeun ngawawancara, dokumentasi jeung hal séjénna.
- 3) Guru kudu maham kondisi jeung karakter siswa, ku cara ngalakukeun pendekatan-pendekatan ka unggal siswa, sangkan siswa *nyaman* diajar di kelas.